

iSPEAKHOUSTON

Houston's Language Access Solution

KAT POU JWENN ÈD NAN LANG OU PALE

Vil Houston ofri kliyan, k ap sèvi avèk sèvis vil la e ki pa konn pale anglè, sèvis entèprèt gratis nan anpil lang diferan.

W ap jwenn annapre a yon kat "iSpeak" (mwen pale) ou ka itilize pou w kite anplwaye gouvènman konnen ki lang ou pale oumenm.

KIJAN POU W SÈVI AVÈK KAT ISPEAK KI ANNAPRE A

Se pou w enprime paj sa a, koupe kat ki annapre a toutolong liy pwen yo, pliye kat la nan mwatye, epi sere l nan pòtfèy oubyen bous ou.

Montre kat iSpeak ou a bay tout anplwaye lè w ale nan biwo vil Houston lan kote w bezwen asistans. Kat la ap kite yo konnen ou bezwen pou yo ede w nan lang ou pale a.

Ou ka rele tou swa nimewo 311 (osinon nimewo 713.837.0311) pou asistans oswa nimewo 911 pou ijans. Depi gen yon operatè ki reponn telefòn lan, annik swiv enstriksyon ki make sou kat iSpeak la pou w mande pou yo ede w.



Vil
Houston



311

Pou plis ransèyman vizite : www.ispeakhouston.org



Koupe kat ki annapre a. Pliye l nan mwatye. Toujou mache avèk kat sa a.

311 se nimewo telefòn 24 sou 24 vil Houston lan pou sèvis ki pa ijan.

Men ki etap pou w swiv pou w jwenn èd :

1. Rele nimewo 311 (osinon nimewo 911 pou ijans).
2. Tann pou yon moun reponn telefòn lan.
3. Se pou w di : "Ay spik kreyòl" lè yo reponn telefòn lan.
4. Depi gen yon moun nan telefòn lan ki pale menm lang ak ou, se pou w di l sa w bezwen.



Vil Houston →  311

iSPEAKHOUSTON

I SPEAK CREOLE (HAITI)

CAN YOU PLEASE HELP ME?

**THE PERSON HOLDING THIS CARD
DOES NOT SPEAK ENGLISH.**

**PLEASE PROVIDE THEM WITH
INTERPRETATION ASSISTANCE,
OR CALL 311 AND ASK FOR AN INTERPRETER.**